



Pou Piblikasyon Imedya: 03/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INOGIRASYON SANT APRANTISAJ FAKILTE MEDSIN VETERINÈ LONG ISLAND UNIVERSITY A KI KOUTE 26 MILYON DOLA

Finansman Eta a ki estime a 12.75 milyon dola sipòte jenerasyon veterinè alavni yo

Etablisman modèn pral atire pwofesyonèl kalifye, nouvo opòtinite travay, ak kwasans ekonomik nan rejyon an

Sant Aprantisaj la sèvi kòm yon ankraj pou Fakilte Medsin Veterinè a

Fakilte Medsin Veterinè Long Island University (LIU) a se youn pami sèlman kat pwogram veterinè nan Nòdès la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Inogirasyon Sant Aprantisaj Fakilte Medsin Veterinè Long Island University a nan kanpis Long Island University Post li a nan Brookville, Konte Nassau. Long Island University te investi 53 milyon dola pou etabli Fakilte Medsin Veterinè a, ki gen ladann anons jodi a ki pote yon nouvo Sant Aprantisaj Veterinè ki koute 26 milyon dola. Etablisman modèn sa a, ki mezire 33,100 pye kare sèvi kòm yon ankraj pou Fakilte Medsin Veterinè a epi li pral prepare etidyan ki enskri yo nan pwogram Doktè nan Medsin Veterinè a ak yon edikasyon konplè ak konpetans nan mond reyèl atravè yon pwogram kat ane. Sipòte ak finansman Eta New York ki se 12.75 milyon dola a, Fakilte Medsin Veterinè a se sèl pwogram veterinè ki rekonèt pa Konsèy sou Edikasyon Asosiyasyon Medikal Veterinè Ameriken an nan zòn metwopolitèn New York la ak youn pami sèlman kat lekòl veterinè nan Nòdès Etazini.

"Envestisman Eta New York nan Fakilte Medsin Veterinè Long Island University a souliye angajman nou pou satisfè demann k ap grandi pou sèvis veterinè modèn yo epi asire Nouyòkè yo gen aksè ak edikasyon ak fòmasyon pou karyè yo chwazi a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo etablisman sa yo, ki ekipe ak dènye teknoloji a ak ekipe ak edikatè ki gen eksperyans, pral bay etidyan yo eksperyans pratik yo bezwen pou yo vin pwofesyonèl veterinè konpetan epi ki gen konpasyon ki kapab pwoteje sante bèt ak prezève anviwònman an."

Edikasyon ak fòmasyon yo bay nan pwogram veterinè yo se poto prensipal pou pwodui pwofesyonèl ki gen anpil konpetans nan domèn swen animal ak sante piblik. Sant

Aprantisaj la ofri eksperyans aprantisaj pratik atravè wotasyon klinik ak estaj, sa ki pèmèt etidyan yo jwenn konpetans pratik ak konesans nan yon varyete anviwònman. Etablisman an gen espas laboratwa rechèch modèn pou etidyan ak pwofesè ki gen ladan anfiteyat, salklas, laboratwa pou konpetans klinik, sal seminè, ak yon lokal similasyon pou ti bèt ki gen ladan chanm egzamen, lokal chirijikal, ak yon sant imajri medikal. Etidyan yo pral genyen eksperyans nan mond reyèl nan operasyon, sipò dyagnostik, swen entansif, ak lòt domèn enpòtan pou pratik veterinè ki pote siksè atravè patenarya ekstèn ak plis pase 75 afilye, ki gen ladan swen prensipal ak klinik espesyalite, pak animal (zou), laboratwa rechèch, abri, lidè endistri veterinè, ak lòt inivèsite.

Pwofesyonèl veterinè yo jwe yon wòl enpòtan nan sektè agrikòl la, ki se yon gwo kontribitè nan ekonomi an. Prezans pwogram veterinè Long Island University (LIU) a pral atire pwofesyonèl kalifye, sa k ap pote nouvo opòtinite travay ak kwasans ekonomik. Envestisman Eta New York nan pwogram sa a sipòte tou kwasans pwofesyonèl veterinè pou satisfè demann k ap grandi a nan domèn sa a. Gradye yo nan pwogram nan pral byen prepare pou antre nan mendèv la kòm veterinè ki pare pou pratike oswa pou pouswiv yon espesyalizasyon avanse nan domèn yo chwazi a. Teknoloji modèn etablisman an, ansanm ak pwofesè ki gen eksperyans ak eksperyans pratik, prepare etidyan yo pou medsin veterinè reyèl, ki se yon domèn ki toujou ap evolye ki egzije dènye teknoloji ak konesans. Pwogram nan kounye a nan twazyèm ane li epi li te enskri apeprè 300 etidyan jiska dat ak prevwa pase nan apeprè 450 etidyan veterinè ak gradye nan ane akademik 2023-24 la.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Kolèj Medsin Veterinè LIU a kanpe kòm yon flanbo sou fason edikasyon ak rechèch ka konvèje pou pote chanjman pozitif pou bèt yo epi amelyore sante ak pwosperite kominote nou yo. Envestisman estratejik New York nan inovasyon ak edikasyon parèt akèl nan kourikoulòm, rechèch ak patenarya kominote modèn Sant Aprantisaj Veterinè a ki pral travay ansanm pou transfòme elèv yo an ajan chanjman nan domèn medsin veterinè a."

Prezidan Konsèy Empire State Development lan, Kevin Law, te deklare, "Kòm youn nan sèlman kat lekòl veterinè nan Nòdès Etazini, Sant Aprantisaj Veterinè a se yon eleman ki chanje jwèt la pou lavni medsin veterinè a. Avèk apwòch inovan li nan edikasyon, ki mete aksan sou aprantisaj pratik ak eksperyans nan mond reyèl la, yo ekipe etidyan yo ak konpetans ak konesans esansyèl pou yo briye nan domèn lan. Felisitasyon pou Long Island University pou angajman li genyen pou fè avanse medsin veterinè a ak pwomouvwa byennèt tout eleman."

Senatè Eta Monica R. Martinez te deklare, "Antanke yon moun ki renmen ak yon defansè animal depi lontan, mwen kontan paske Long Island gen premye Fakilte Medsin Veterinè li a ak kay modèn sa a ki sipòte pa Eta New York. Mwen byen kontan pwogram LIU a bati sou patenarya ak edikasyon reyèl ak founisè ki egziste deja tankou Town of Babylon Animal Shelter (Abri Animal nan Vil Babylon)."

Manm Asanble Charles Lavine te deklare, "Deja yon lidè nasyonal nan domèn medsin veterinè a, sant aprantisaj sa a pral bay plis resous pou etidyan yo epi li pral fè yon bèl adisyon nan kanpis LIU Post la ki toujou ap grandi a."

Sipèvizè Vil Oyster Bay Joseph Saladino te deklare, "Mwen tèlman fyè dèske Vil Oyster Bay se kay Long Island University, yon sant pou ekselans akademik ak rechèch klas mondyal ki gen yon repitasyon pou prestij nan kominote nou an ak odela. Depi lansman li twazan de sa, Fakilte Medsin Veterinè a te vin tounen yon avantaj fòmèdab, kòm youn pami sèlman kat pwogram veterinè nan Nòdès la. Mwen remèsye LIU ak Eta New York pou envestisman yo fè nan pwochen jenerasyon lidè yo nan medsin veterinè lè yo bati nouvo sant aprantisaj sa a epi rejwenn avèk nou nan selebre gran ouvèti li a."

Majistra Vil Brookville la, Danyèl Serota, te deklare, "Long Island University se youn nan bijou nan North Shore a nan Long Island. Avèk ogmantasyon Lekòl Veterinè a, kounye a nou gen yon dyaman nan kouwòn nou an."

Doktè Kimberly R. Cline, ki se Prezidan Long Island University, te deklare, "Fakilte Medsin Veterinè a se deja yon katalizè pou pwogrè Long Island University a kòm yon etablisman akademik ak rechèch premye plan kòm yon pati nan koridò klas mondyal syans lavi Long Island lan, epi li pa t ap posib san sipò solid nan men Gouvènè Hochul ak Empire State Development lan. Nou trè fyè de nouvo enstalasyon Fakilte Medsin Veterinè nou yo ak eksperyans klinik ak rechèch ki konekte ki bay etidyan yo opòtinite enpòtan pou vin lidè nan medsin veterinè a."

Ko-prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Long Island (Long Island Regional Economic Development Council, LIREDC) la ki se Linda Armyn, Direktè Estrateji ak Maketing Egzekitif nan Bethpage Federal Credit Union, ak Doktè John Nader, Prezidan Farmingdale State College te deklare, "Envestisman Eta New York nan kanpis LIU Fakilte Medsin Veterinè a, ki ebèje etablisman 21èm sèk yo ak enstriktè siperyè, se yon chwa k ap panse pou lavni ki pral gen avantaj dirab pou sosyete nou an ak ekonomi nou an. Ak demann k ap ogmante pou sèvis veterinè yo, li esansyèl pou nou ekipe jenerasyon pwofesyonèl k ap vini yo ak edikasyon ak fòmasyon ki nesèsè yo bezwen pou yo reyisi antanke pratikan veterinè k ap bay swen."

###